## 2018 jıldıń yanvar-noyabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı

**SANLAR:**

- **Sanaat islep shıǵarıw kólemi 9315,0 mlrd.sumdı, ósiw 103,0 %ti quradı**
- **Tutınıw tovarları islep shıǵarıwdıń ósiw páti – 104,6 % ti quraydı**
- **Tutınıw tovarları ulıwma sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi-15.0%**
- **Sanaat islep shıǵarıwda kishi biznestiń úlesi -16,4 % ti quraydi**

Dáslepki maǵliwmatlar boyınsha 2018 jıldıń yanvar-noyabr aylarında respublika kárxanaları tárepinen 9315,0 mlrd.sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstirǵanda ósiw páti 103,0 % dı quradı.

Ulıwma sanaat islep shigarıw kólemi ósiwiniń tiykargı sebebi bolıp, islep shıǵaratuǵın (qayta islew) sanaatında islep shıǵarıw kóleminiń 1,5 % ke, taw-kán sanaati hám ashıq kánlerdi islewiniń 18,5 % ke, elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondittsiyalawdıń 12,5 % ke suw menen támiyinlew, kanalizatsiya, shıǵındılardı utilizatsiya qılıwdıń 54,0 % ke ósiwi esaplanadı.

***2018 jıldın yanvar- noyabr aylarında ahmiyetli ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat islep shıǵarıw quramı***



### *Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew.*

Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2018 jıldıń yanvar-noyabr aylarında islep shıǵarılǵan ónimler muǵdarı 289,2 mlrd.sumdı yaǵniy ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri muǵdarınıń 3,1 % tin quraydı.

Taw-kán sanaatında islep shıǵarılǵan ónimler túri boyınsha háktas qazıp alıw kólemi ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda 37,0 % ke, gaz kondensati 9,1 % ke hám tábiyǵiy gaz 7,7 % ke óskenligin hámde qattı haldaǵi duz hám taza natriy xlorid (as duzınan tısqari) -12,1 % ke kemeygenligin kóriwimiz múmkin.

### *Yanvar - noyabr aylarında taw- kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islewde iri sanaat kárxanaları tárepinen ayrım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw*

| Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerde islep shıǵarılǵan ónimler | 2018 jılda islep shıǵarılǵan | 2017 jılda islep shıǵarılǵan | ósiw páti, % |
|---|---|---|---|
| Háktas, t | 173098 | 126340,9 | 137,0 |
| Gaz kondensati, mıń t. | 161,9 | 148,4 | 109,1 |
| Tábiyǵıy gaz, mln.kub.m | 5612,7 | 5209,4 | 107,7 |
| Qattı haldaǵi duz hám taza natriy xlorid (as duzınan tısqari) | 94065 | 107006,8 | 87,9 |

### *Islep shıǵaratuǵın sanaat (qayta islew sanaatı).*

2018 jıldıń yanvar- noyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 8451,6 mlrd.sumdı yaǵniy ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri kóleminiń 90,7 % tin quraydı.

Óz náwbetinde islep shıǵaratuǵın sanaatta ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda kislorod islep shıǵarıw 42,9 % ke, tazalanǵan gúrish 77,1 % ke, araq 11,0 % ke, paxtadan iyirilgen ip 10,0 % ke, karbonat dinatriya 6,9 %, ke, jumsaq biyday unı 6,1 % ke óskenligin hám paxta talası, ósimlik mayi (tazalanǵan), jumsaq biyday unı makaron, jol qaplamaları ushın asfaltlı aralaspalar islep shıǵarıw kóleminiń ótken jıldıń usı dáwirirne salıstırǵanda páseygenligin kóriwimiz múmkin.

***Yanvar- noyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaatda iri sanaat kárxanaları tárepinen ayrım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw***

| Islep shıǵaratuǵın sanaat ónimleri | 2018 jılda islep shıǵarılǵan | 2017 jılda islep shıǵarılǵan | Ósiw páti, % |
|---|---|---|---|
| Paxta talası, t | 133030 | 173626 | 76,6 |
| Ósimlik mayı (tazalanǵan), t | 9936,3 | 13246,0 | 75,0 |
| Tazalanǵan gúrish, t | 3776,5 | 2132,6 | 177,1 |
| Jumsaq biyday unı, t | 71836,3 | 67721,4 | 106,1 |
| Araq, m.l. 100% spirt | 3957,0 | 3563,6 | 111,0 |
| Biydai nanı , t | 2334,4 | 2969,5 | 78,6 |
| Makaron ónimleri, t | 2725,6 | 4302,5 | 63,4 |
| Iri shaxlı qaramallar ushın tayar azıq , t | 34356,6 | 35496,7 | 96,8 |
| Tsement, beton yaki tabiyǵıy emes tastan jıynalǵan konstruktsiyalar elementleri hám imaratlar ushın basqa buyımlar , t | 500,0 | 422,7 | 118,3 |
| Jol qaplamaları ushın asfaltlı aralaspalar, t | 28030 | 45000 | 62,3 |
| Paxtadan iydirilgen jip , t | 3667,2 | 3334,0 | 110,0 |
| Kislorod, mıń.m3 | 9,2 | 6,5 | 142,9 |
| Karbonat dinatriya, mıń.t. | 171,4 | 160,4 | 106,9 |
| Polietilen, t. | 323506,6 | 343967,0 | 94,1 |
| Polipropilen, t. | 85455,3 | 85661,9 | 99,8 |

***Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondittsiyalaw.***

Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondittsiyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 463,8 mlrd.sumdı (ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimler kóleminiń 5,0 % ) quraydı.

2018 jıldıń yanvar- noyabr aylarında sanaattıń bul tarmaqlarında ıssılıq energiyasın islep shıǵarıw ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda -18,0 % ke  hám basqa usıllarda elektr energiyasın islep shıǵarıw -2,0 % kemeyiwi baqlandı.

***Suw menen támiyinlew, kanalizatsiya, shıǵındılardı utilizatsiya qılıw.***

Suw menen támiyinlew, kanalizatsiya, shıǵındılardı utilizatsiya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan  ónimler kólemi 110,4 mlrd. sumdı (jámi islep shigarilǵan ónimler kóleminiń 1,2 % in) quraydi.

Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda quramında qara metall bolǵan ekilemshi shiyki ónim 89,1% ke, suwǵa islew beriw hám suw tarmaqları boyınsha bólistiriw  xızmetleri 17,8% ke, shıǵındı suwlardı joǵaltıw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetlerdiń 38,9 % ke kóterilgenligi kóriwimiz múmkin.

***Tutınıw tovarlarin islep shıǵarıw***

.

Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-rejeler nátiyjesinde tutınıw tovarların islep shıǵarıw kólemi 1394,5 mlrd.sumdı quradı hám 2017 jıldıń yanvar- noyabr aylarına salıstırǵanda 4,6 %, ke ósiwi támiyinlendi, ulıwma sanaattaǵı úlesi bolsa 15,0 % ti quradı

***2018 jıldıń yanvar-oktyabr aylarında tutınıw tovarların islep shıǵarıw***



2017 jıldıń yanvar-noyabr aylarına salıstırǵanda tutınıw tovarlari quramında azıq-awqat emes tovarlardı islep shıǵarıw kóleminiń 65.4 % ten 2018 jıldıń yanvar- noyabr aylarında 65.5 % ke kóbeygenin kóriwimizge boladi.

***Yanvar- noyabr aylarında tutınıw tovarların islep shıǵarıw kólemi, %***




***Aymaqlardıń sanaat islep shıǵarıwı***

Respublika sanaat islep shıǵarıw kólemi quramında eń kóp Nókis qalası (respublika sanaat islep shıǵarıw kóleminiń 73,1 % úlesi), Taxiyatas (4,4%), Xojeli (3,1%), Ámudarya (2,8%), Moynaq (2,5%) rayonları úlesine tuwri keledi.

Sonıń menen birge eń kem úles Nókis (0,4 %), Taxtakópir (0,3 %), Shomanay (0,3 %) rayonları úlesine tuwri keledi .

***2018 jıldıń yanvar - noyabr aylarında aymaqlardıń jámi sanaat islep shıǵarıw kólemindegi úlesi % da***



***2018 jıldıń yanvar-noyabr aylarında aymaqlardıń sanaat islep shıǵarıw kólemi hám ósiw páti***




Sonı aytıp ótiw kerek, básekege shıdamlı ónim islep shıǵarıw boyinsha joqarı texnalogiyalı joybarlardı ámelge asırıw natiyjesinde Qaraózek (2017 jıldıń yanvar-noyabr aylarına salıstırǵanda 164,0 % ke), Moynaq (121,4 % ke), Ámudarya (118,5 % ke), Qanlikól (113,6 % ke) hám Taxiyatas (113,4 % ke) hám rayonlarında sezilerli dárejede islep shıǵarıw kóleminiń ósiwi támiyinlendi .

***2018 jıl yanvar- noyabr aylarında respublikalar boyınsha tutınıw tovarları islep shıǵarıw kólemi hám ósiw páti***



### *Sanaat islep shıǵarıwda kishi biznestiń úlesi*

Kishi biznes subektleri sanaat islep shıǵarıwda keskin háreketleniwi natiyjesinde olar tárepinen sanaat ónimleri islep shıǵarıw kóleminiń ótgen jıldıń usı dáwirge salıstırǵanda 108,9 % ke ósiwin táminledi, óz nawbetinde kishi biznestiń uliwma sanaat islep shıǵarıwdagi úlesi bolsa 16,4 % ti quraydı.

Aymaqlar kesiminde kishi biznestiń sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdaǵi eń joqarı ulesi Shomanay (ulıwma sanaat ónimleri islep shıǵarıwdaǵi úlesi 100 %), Nókis (99.9 %), Taxtakópir hám Qaraózek (99.98 %) rayonlarında baqlanǵan bolsa, eń kishi úles Nókis qalasında (5,0 %), Taxiatas (4,4 %), Moynaq (8,7%) hám Qanlikól (32,5 %) rayonlarında gúzetiledi .

***2018 jıldıń yanvar-iyun aylarında aymaqlar boyınsha kishi biznestiń sanaat ónimleri islep shıǵarıwdagı úlesi , %***




### *Hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanaları.*

Búgungi kúnde respublikada 1752 sanaat kárxanaları hárekette bolıp, olardan 448 janadan ashilgan bolip, olardan uliwma 55 % Nokis, Ámudarya Beruniy Qońirat Taxiatas rayonlarina tuwri keledi

***2018 jıl 1 dekabr jaǵdayına hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanalar sanı, birlik***




***Sanaat statistikasi bólimi***

***Baspaǵa juwapker:*** ***Gulmurzaeva T.***
***Baylanıs telefonı:*** ***(0371) 230-82-09***